



ISTWA SOSYAL:

Mwen pral fè yon andoskopi

Yon mesaj pou moun k ap bay swen yo:

Istwa sosyal sa a dekri yon vizit jeneral nan departman andoskopi pedyatri nou an nan Mass General Hospital *for* Children kote nou fè pwosedi andoskopi nan pati anlè (EGD) ak kolonoskopi. Men, etap yo ka diferan sa depan de dosye medikal ak bezwen pitit ou a. Donk, se pa tout seksyon ki ka koresponn ak pitit ou a. Pou nenpòt enkyetid presi, tanpri kontakte pwofesyonèl medikal ou pou w pale sou sa anvan pwosedi pitit ou a.

Ou pi byen konn pitit ou. Nou te kreye istwa sosyal sa a kòm yon zouti pou prepare pitit ou a pou pwosedi l gen pou l fè a. Nou konseye w li sa a anvan epi chwazi ki enfòmasyon ou panse k ap itil pou pitit ou a. Tanpri santi w alèz pou w itilize ak modifye sa a parapò ak lang ak lòt zouti pitit ou a alèz avè yo. Pa egzanp, fraz ki di "Mwen an sekirite" a ka pa pi bon fason pou w bay pitit ou a aisrans. Gen yon orè rezime pou chak jou ki nan fen istwa sosyal sa a. Pou kèk moun, li ka plis itil pou eseye chanje etap sa yo lakay yo oswa vini anvan lè vizit la. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte pwofesyonèl medikal ou a.

Anpil timoun jwenn avantaj lè yo itilize ranfòsman pozitif, oswa rekonpans, apre yo fin fè yon bagay tankou sa a. Nou gen ti rekonpans pou pasyan pou pasyan yo chwazi pou y al lakay yo. Tanpri santi w alèz pou w pote plis rekonpans lakay ou ou panse k ap ranfòse pitit ou a. Yon fason pou w prezante pitit ou ide yon rekonpans se pa mwayen yon sistèm jeton. Tanpri gade zouti ou ka modifye a nan dènye paj istwa sa a ki ka ede w ak sa a.

Nou konprann vin kay doktè ak fè yon pwosedi ka bay strès. Tanpri pote nenpòt objè rekonfò ou santi ki ka ede pitit ou a.

Nou pran angajman pou n asire nou ni ou ni pitit ou a gen pi bon eksperyans posib. Tanpri pa ezite fè nou konnen fason nou ka yon pi bon sipò pou ou ak pitit ou a.

Ak senserite,

Ekip Gastwoantewoloji w la ki nan Mass General Hospital *for* Children




Non pa m se _____ .

Mwen gen _____ an.

Mwen renmen _____.

Mwen pran fè yon andoskopi nan Mass
General Hospital. Mwen prale ak



Yon andoskopi se yon tès espesyal pou asire
mwen an sante.

Pou m pare pou tè mwen an, m ap bezwen gen yon bwason espesyal.



Bwason an ap ede m pou pou. M ka santi vant mwen yon lòt jan. Li p ap fè mal.

Mwen ka fè l!

1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14

Kantite pou pran ka diferan sa depan de laj ak gwosè pitit ou a. Tanpri pale ak pwofesyonèl medikal ou epi modifye aparèy suiv a si sa nesèsè.



Nan maten m ap leve.



M ap manje ak bwè. Mwen ka toujou pran medikaman.

Men kèk bagay mwen ka fè pandan m ap ret tann





N ap kondi machin nan pou n ale nan Mass General Hospital.



N ap pake machin nan. N ap mache antre nan batiman an.



Mwen prale nan sal atant lan.



M ap anrejistre nan resepsyon an.

M ap tann jiskaske yo site non m.

Men kèk bagay mwen ka fè pandan m ap ret tann.





Lè yo site non m, m ap antre nan yon lòt sal.



Ap gen yon enfimyè k ap la pou ede m.



Enfimyè a ap kontwole konbyen m peze.




M ap retire tout rad sou mwenn. M ap mete yon rad lopital la sou mwenn. Mwen ka santi m frèt. Mwen ka itilize yon lèn ki cho.



Enfimyè a ap pran tanperati m. Enfimyè a ap touche figi m oswa bra m ak tèmomèt la.

Li p ap fè mal.

M ka konte sou 20 e y ap gentan fini.






Enfimyè a ap kontwole tansyon m. Enfimyè a ap mare yon bandaj nan bra m k ap peze m di.

Li p ap fè mal.

M ka konte sou 20 e y ap gentan fini.






Enfimyè a ap kontwole nivo oksijèn mwen.
Enfimyè a ap mete yon pens nan dwèt
mwen k ap gen yon limyè wouj.

Li p ap fè mal.

M ka konte sou 20 e y ap gentan fini.






M ap ret tann nan yon sal espesyal. Mwen ka chita sou chèz oswa sou kabann nan.

Men kèk bagay mwen ka fè pandan m ap ret tann



Pa gen pwoblèm pou w santi w gen anksyete
oswa pè. Mwen an sekirite.

Ap gen enfimyè, doktè, ak yon espesyalis
lavi timoun pou ede m. Yo pral reponn
kesyon m yo.




Doktè a ka ban m medikaman pou ede m
detann mwen.



M ap fè yon bon travay!

Pou m pare pou tès mwen an, m ap resevwa yon IV.



Yon IV se yon chalimo espesyal yo mete nan men m oswa bra m. Doktè a ka ban m dlo espesyal ak medikaman nan IV m.

Mwen an sekirite.



Enfimyè a ap fè presyon sou bra oswa men m. Enfimyè a ap vlope yon tep ble nan bra m. M ap santi l sere m.



Enfimyè a ap netwayen bram ak yon aplikatè. M ap santi l frèt ak mouye.



Enfimyè a ap mete yon chalimo espesyal nan bra m grasa yon zegwi.

M ap santi l frape oswa pike m. Li kayon ti jan fè m mal. M ka konte sou 20 e y ap gentan fini.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17	18	19	20


Enfimyè a ap depoze zegwi a.



Enfimyè a ap mete tep sou tib espesyal la.

M ap wè san k ap sot nan kò m. Kò m ap pwodui plis san.

Mwen an sekirite.



Enfimyè a ap konekte IV a nan dlo espesyal la oswa medikaman an. Sa ap fè m santi m pi byen.

Mwen p ap touche oswa rale IV m nan.

Men kèk bagay mwen ka toujou fè.





Mwen prale nan sal andoskopi a. Ap gen apil machin nan sal la.

Pa gen pwoblèm pou w santi w gen anksyete oswa pè. Mwen an sekirite.

Enfimyè ak doktè yo ap ede m pou m alèz.

M ap pran medikaman pou fè m dòmi.


Doktè a ap tès fè andoskopi a. Tès andoskopi a p ap fè mal.



Doktè a ap ban m yon mas pou m kouvri nen m ak bouch mwen. M ap santi l mou. Sant lan ap dwòl.



Inhale



Exhale

M ap respire fò, rale lè, mete lè deyò. Mwen an sekirite.

Doktè a ap ban m medikaman pou m reveye. Lè m reveye, m ap wè



Mwen ka santi m dwòl oswa fatige. Sa ap amelyore.



Enfimyè a ap ban m yon bwason oswa yon kolasyon.



Lè doktè a di mwen kapab, mwen ka al lakay.

Mwen ka santi gòj mwen anfle. Mwen ka manje oswa bwè bagay ki frèt. Gòj mwen ap amelyore talè konsa.

Mwen brav anpil! M ap byen pase andoskopi m nan!



Orè pou Andoskopi

- 1) Leve
- 2) Al lopital
- 3) Sal atant
- 4) Kontwole konbyen m
peze
- 5) Chanje rad
- 6) Kontwole tanperati
- 7) Kontwole tansyon
- 8) Kontwole nivo oksijèn











- 9) Ret tann nan sal
espesyal
- 10) Tib espesyal/IV
- 11) Ret tann nan sal
espesyal
- 12) Ale nan sal andoskopi a
- 13) Medikaman pou dòmi
- 14) Leve
- 15) Manje kolasyon
- 16) Al lakay

Orè pou Andoskopi

- 1) Leve
- 2) Al lopital
- 3) Sal atant
- 4) Kontwole konbyen m
peze
- 5) Chanje rad
- 6) Kontwole tanperati
- 7) Kontwole tansyon
- 8) Kontwole nivo oksijèn

- 9) Ret tann nan sal
espesyal
- 10) Ale nan sal andoskopi a
- 11) Respire ak mas
- 12) Medikaman pou dòmi
- 13) Leve
- 14) Manje kolasyon
- 15) Al lakay

Map trayay pou:



Enfòmasyon konsènan pwojè sa a:

Istwa sosyal ak zouti ki mache avè l yo fè pati yon pwojè ki potko la anvan sa pou amelyore aksè ak pwosedi andoskopi pou moun ki gen andikap newodevelopmantal, tankou Kategori Maladi Otis (ASD). Pwojè sa a gen lòt bagay tankou vizit anvan pwosedi a, espesyalis lavi timoun, ak edikasyon k ap kontinye pou ekip ak anplwaye k ap bay swen yo. Apwòch konplè sa a fèt pou reponn ak bezwen espesyal pasyan ki gen ASD yo e pou amelyore ekperyans yo an jeneral.



Nan tèt pwojè ki pote chanjman sa a w ap jwenn doktè Mojdeh Mostafavi, ki se yon entènès ak pedyat ki te suiv yon fòmasyon doub e ki nan yon fòmasyon nan moman an pou gastwoantewoloji nan Mass General Hospital for Children. Ak yon koneksyon pèsònèl pwofon sou otis akòz de gran frè l, Doktè devouman Mostafavi genyen pou l fè avanse swen otis la baze sou angajman l pou gen swen sante ki menm pou tout moun ak konpetans li nan teyori konpòtman. Pasyon l chita sou bay swen pandan tout vi a, ki reflekte kwayans li nan fason aksyon jodi a fòmè ekperyans alavni yo. Travay li montre yon gwo angajman pou amelyore aksè ak kalite swen pou tout moun, sitou moun kiotis afekte yo.

Out 2024

Gastwoantewoloji Pedyatrik ak Nitrisyon

Yawkey Center for Outpatient Care, Suite 6B
55 Fruit St
Boston, MA 02114

Andoskopi Pedyatrik Suite
55 Fruit St
Boston, MA 02114

Pou plis enfòmasyon, tanpri rele:

(617) 726 – 8705

<https://www.massgeneral.org/children/gastroenterology>

